*मनरेगा कृषि (फ्लैगशिप)*

केन्द्र सरकार येह बाति के सुनिस्चित करी कि महात्मा गांधी राष्ट्रीय ग्रामीण रोजगार गारण्टी कानून मनरेगा क खेती–बारी पर कउनों खराब असर न परे। ग्रामीण विकास मंत्री जयराम रमेस आजु लोकसभा में कहलें कि कुछु राज्य सरकारन अउरि जन प्रतिनिधियन क येह बारे में अनेसा बेबुनियाद हउवे कि मनरेगा क खेती–बारी पर खराब असर परल बाटे। उहां के कहलीं कि मनरेगा में बाईस गो अइसन कार सामिल कइल गइल बा जवन खेती से जुड़ल हवे। उहां के ईहो कहलीं कि मनरेगा में सत्तर फीसदी रोजगार अइसने समय में दिहल जाला जब खेती क कार नाहीं होला।

★★★★★★

*भोजपुरी*

भोजपुरी के संविधान के अठवीं अनुसूची में सामिल कइले के बारे में संसद के मानसून सत्र में फैसिला होई। समाचार एजेंसियन के हिसाबि से आजु लोकसभा में भोजपुरी के अठवीं अनुसूची में सामिल कइले क मांगि उठवले पर गृहमंत्री पी. चिदम्बरम कहलें कि सरकार के भोजपुरी के ले के कई गो अउरियो भाषा के संविधान के अठवीं अनुसूची में सामिल कइले के बारे में बनावल गइलि समिति क रिपोर्ट पछिला मार्च महिन्ना में मिलि गइलि हवे। उहां के जोर दे के कहलीं कि संसद के मानसून सत्र में सरकार येह बारे में आपन फैसिला सदन के बताई।

★★★★★★

*भू–जल/प्रतिबंध*

प्रदेस के एक सौ आठ बलाकन में गिरि रहल जमीनि के निच्चे के पानी के स्तर के रोके बदे राज्य सरकार मुफ्त नलकूप, बोरिंग अउरि सब्सिडी सुविधा बन्द करे आ प्राइवेट नलकूप के बिजुली क कनेक्सन अउरि बैंक से करजा दियवले पर रोकि लगा दिहले हवे। प्रदेस क लघु सिंचाई अउरि पसुपालन मंत्री पारसनाथ यादव आजु जौनपुर में आकासवाणी प्रतिनिधि के येह बाति क जनकारी दिहलें। उहां के बतवलीं कि सरकार की ओरि से येह बारे में सासनादेस जारी कइ दिहल गइल है।

★★★★★★

*टीकाकरण*

प्रदेस सरकार नियमित टीकाकरण कार्यक्रम में फेर–बदल कइ दिहले हवे। अब हप्ता में दुइ दिन बुद्ध आ सनिच्चर के जगहि पर सज्जो कार्य दिवस में टीकाकरण अभियान चलावल जाई। एकरे अलावे लइकन के बेमारी से बचावे खातिर प्रदेस के सज्जो जिलन में येह महिन्ना से आवे वाला अगस्त महिन्ना ले इन्टेंसीफाइड रूटीन इम्यूनाइजेशन प्रोग्राम चलावल जाई।

★★★★★★

*आपदा प्रबंधन*

राष्ट्रीय आपदा प्रबंधन प्राधिकरण क उपाध्यक्ष एम.शशिधर रेड्डी कहले हवें कि बरखा क आगम जाने खातिर प्रदेस में सुदूर संबेदी केन्द्र खोले बदे उहां के जल्दिये मुख्यमंत्री अखिलेस यादव से बतियाइबि। काल्हि महराजगंज जिला के एगो गांव में आपदा प्रबंधन पर आयोजित एगो कार्यसाला में भाषण देत उहां के कहलीं कि बरखा क पहिले से आगम जाने खातिर आपदा प्रबंधन प्राधिकरण भारत अउरि नेपाल के चुनल गइल सीमा वाले जगहिन पर डॉप्लर वेदर राडार लगवले क जरूरति बतवले हवें। एकरे अलावे बरखा के पानी के प्रबंधन खातिर सीमा वाले इलाकन में रेन फॉल गेटओ बनववले क प्रस्ताव कइल गइल बाटे। उहां के कहलीं कि पूरबी उत्तर प्रदेस में हर सालि बरखा के मौसम में फइले वाली जानलेवा बेमारी इंसेफेलाइटिस पर परभावी तरीका से काबू पावे बदे केन्द्र सरकार पहल कइले हवे। येहमें गोरखपुर अउरि एकरे लग्गे के पनरह गो जिलन के छांटि के ओहमें जागरूकता अउरि निरोधक अभियान चलावल जाई। संवाददाता लोगिन से बतियावत श्री रेड्डी कहलें कि इंसेफेलाइटिस अउरि बाढ़ि जइसन आपदा से निपटे खातिर प्रभावित जिलन में कार्यसाला आयोजित कइ के मास्टर ट्रेंनर तइयार कइल जा रहल हवें।

★★★★★★

*बिजली/छापे*

लगतारे बढ़ि रहलि बिजुली के चोरी के रोके खातिर पावर कार्पोरेसन अब रतियो में छापा मारी। सूत्रन के हिसाबि से एकरे खातिर बेसी लाइनि हानी वाले इलाकन के बड़हन उपभोक्ता लोगिन के छांटल जा रहल बा। कार्पोरेसन क अध्यक्ष अवनीस अवस्थी येह सिलसिला में लखनऊ, मेरठ, बनारस, कानपुर, गोरखपुर, अलीगढ़, बरेली, झांसी, मुरादाबाद, फैजाबाद, इलाहाबाद, मिर्जापुर, आजमगढ़, बस्ती, गोण्डा, अउरि गाजियाबाद के जिलाधिकारियन के चिट्ठी लिखि के बिजुली क चोरी रोके खातिर प्रभावी तरीका से अभियान चलावे क निरदेस दिहले हवें।

★★★★★★

*रेलवे लाइन*

संतकबीर नगर जिला मुख्यालय से बलरामपुर जिला मुख्यालय के बिच्चे नया रेलवे लाइनि बिछावे खातिर पूर्वोत्तर रेलवे क दस गो सदस्यन क एगो टीमि सर्वे क कार सुरू कइ दिहले हवे। अधिकृत सूत्रन के हवाला सें हमरे संतकबीर नगर प्रतिनिधि खबरि दिहले हवें कि ई रेलवे लाइनि संतकबीर नगर के जिला मुख्यालय खलीलाबाद से बखिरा, मेंहदावल, बांसी, डुमरियागंज अउरि उतरौला होके बलरामपुर जिला मुख्यालय ले जाई।

★★★★★★

*टीला मरे*

फतेहपुर जिला के गाजीपुर थान्हा क्षेत्र के सुकेती गांव में आजु भिन्नहीं माटी खोदि रहलि चारि गो मेहरारून क टीला धंसि गइले से ओहमें दबा के मउति हो गइलि। बाद में उनकर लासि मलबा से बहरे निकारलि गइलि। गांव क लोगि दुइ गो मेहरारून के मलबा से जियते निकारि लिहलें।

★★★★★★